

# NIPT

## Kisa NIPT an ye?

NIPT vle di Tès Prenatal Non Envazif. Li teste pou jèm maladi kwomozom. Kwomozom yo se pati nan selil nou yo ki gen jèn. Jèn yo se trè paran transmèt bay timoun (tankou koulè je)

Kalite tès sa yo gen anpil non, tankou:

- NIPS (Depistaj Prenatal Non Envaziv )
- Tès ADN san Selil

## Kisa tès sa a revele m?

Tès sa a revele w si:

- Ou gen gran ris genyen yon fetis ki gen yon nonm kwomozom ki pi wo osinon pi ba (yo rele sa aneyiployidi). Si genyen kwomozom anplis oubyen ki manke, sa kapab afekte sante yo ak devlopman yo.
- Li ka revele w sèks bebe a si w bezwen konnen.

## Kisa tès sa a chèche?

Tès sa a chèche:

- Trizomi 21 (yo rele sendwòm Down nan)
- Trizomi 18
- Trizomi 13

## Kòman yo fè tès la?

- Se yon tès medikal ki ka fèt nan biwo pwofesyonèl swen sante w.
- Tès la ka fèt **depi sou 10 semèn gwosès ou.**

## Ki jan m ap fè konnen sa rezilta yo vle di?

- Nou espere jwenn 23 pè kwomozom.
- Si tè s la revele ta genyen kwomozom ki manke oswa ki anplis, li posib pou yon fetis ta genyen youn nan maladi sa yo. Ou ka bezwen fè plis tè s pou w ka fin sèten.
- Tè s sa a bon anpil pou tcheke yon kantite kwomozom ki pi wo osinon pi ba. Sepandan li enpòtan pou w met nan tè t ou rezilta yo ka pa toujou bon. Tè s la sèlman chèche kèk maladi. Ka genyen lòt pwoblèm nan nesans tè s sa a pa chèchè.



## Ki moun ki dwe fè tè s sa a?

Nenpòt moun ki vle fè l. **Moun ki a gran ris se yo ki plis bezwen tè s sa a.**

### Ki fason m ka konnen si m se yon moun ki gen gran ris soufri aneuploidy?

- Si w genyen 35 lane e plis epi w ansent yon bebe.
- Si w te fè yon ekografi ki montre posibilite pou bebe an fèt ak kèk pwoblèm sante.
- Si ou menm oswa yon moun nan fanmi w genyen kèk diferans kwomozom.

## Ki kote m kapab fè tè s sa a?

- Ou kapab fè tè s **sa a nan nenpòt sant CHN.**

**Pale ak pwofesyonèl swen sante CHN ou si w gen plis kesyon.**